

iParent...

Konekte Paran ak Salklas

Li fasil.

Li gratis.

Ou pa bezwen papyè.

Pou enskri pitit ou a, ou dwe genyen enfòmasyon sa yo

nan men w:

- ◆ Nimewo ID lekòl pitit ou a
 - ◆ Dat li fèt
 - ◆ Peyi kote li fèt
 - ◆ Yon kouryèl/lèt elektwonik ki valab
- Anplis...
- ◆ Kreye yon kont apa pou chak paran/responsab
 - ◆ Verifye tout enfòmasyon
 - ◆ Pou plis asistans kontakte Depatman IT nan Lekòl Piblik Randolph
 - ◆ @ 781-961-6251
- OSWA voye yon kouryèl bay *iParent* nan
- ◆ iParent@randolph.k12.ma.us

Chak grenn elèv nan **Lekòl Segondè Randolph** ap demontre reyisit wo nivo nan yon anviwònman senesof ak respektye ki valorize divèsite nou.



Lekòl Segondè Randolph

70 Memorial Parkway
Randolph MA, 02368

Tel: 781-961-6220
Konseye Pedagojik: Ekstansyon -520
Enfimyè: Ekstansyon -589

Faks: 781-961-7476

E-mail: teacher name AND first name



Lekòl Segondè
Randolph

iParent

Konekte Paran ak
Salklas



***iParent* se yon koneksyon pratik ak done sou pitit ou a nan travay akademik ak prezans nan lekòl. Lè ou fin enskri, w ap gen aksè san limit e w ap kontinye rete ajou sou pwogrè pitit ou a nan Lekòl Piblik Randolph.**

Janti Travay di Amize w



Pou ki sa pou enskri nan *iParent*?


iParent se yon bon jan resous pou ou ak fanmi w. Li pèmèt ou jwenn dènye enfòmasyon yo sou pitit ou a. Ou kapab wè enfòmasyon sa yo ki pi ba a sou pitit ou a lamenm.

- orè
- prezans chak jou
- rapò sou pwogrè ak kanè
- ak nòt pou egzamen estandize.


Enskri nan *iParent* ap ba ou aksè 24 sou 24 sou tout enfòmasyon ki enpòtan pou ou ak pitit ou a.

Enskri nan *iParent*

Premyèman: Ale sou sit entènèt Lekòl Piblik Randolph www.randolph.k12.ma.us. Tanpri souple sèvi ak *Firefox* oswa *Google Chrome* kòm navigatè pou entènèt ou a .



Dezyèmman: **KLIKE** sou sèk *iParent*




Twazyèmman: **KLIKE** sou “Register for *iParent*” (*Enskri nan iParent*)


Pwochen ekran an ap mande ou konbyen pitit ou genyen ki nan Lekòl Piblik Randolph. Tout sijè ki

Souple ou dwe genyen ID lekòl pitit ou a nan men w , (**ou kapab jwenn li nan kanè li anba non li**), Dat li Fèt, Vil li Fèt ak yon kouryèl ki valab pou kay la .

Aprè sa : Avanse sourit la sou kantite timoun w ap enskri .



Antan paran/responsab la, ou dwe ranpli enfòmasyon pèsonèl, adrès, nimewo telefòn, ak enfòmasyon itilize entènèt ki gen ladan yon ID ak modpas. Ou bezwen pou make enfòmasyon sa a yon grenn fwa .



Anfen: Apre ou fin ranpli tout enfòmasyon pou tout timoun , **KLIKE SOUMÈT**. Sa ap pran **10-14 jou** pou I.T. verifye tout enfòmasyon yo. W ap jwenn yon kouryèl k ap fè w konnen kilè *iParent* an sou lamen pou ou.